



Delaware Pa Gen Mwayen ni Travay — ni Devlope — San Gadri

De (2) sondaj, yon sèl istwa: Gen plizyè santèn paran jèn timoun ak anplwayè ki reprezante plis pase 25,000 travayè nan eta a ki dakò gadri tèlman chè ak manke disponib, Delaware ap pèdi travayè, biznis, ak fanmi.

Fanmi yo Di Delaware Ap Vin “Envivab” Poutèt Mank Gadri — Anplwayè yo Di Sa Gen Konsekans sou Lajan yo Fè.

Ekolaj chè, lis datant long, ak benefis leta ki enposib pou jwenn, vle di paran Delaware yo ka demwenzanmwens jwenn gadri pou pitit yo. Anplwayè yo ap souffri poutèt sa.

“Orè anplwaye yo limite anpil poutèt mank gadri... yo vini ta oswa yo oblije kite bonè poutèt pwoblèm gadri.”
—Yon Anplwayè nan Konte New Castle

Gen plis pase 87% nan paran yo ki rapòte yo gen difikilte jwenn gadri

92% nan anplwayè yo di kesyon gadri ap bay anplwaye yo pwoblèm —epi gen 76% ki di li bay biznis yo pwoblèm

92%

87%

Prèske mwatye (40%) fanmi yo di eta a ap vin “envivab” poutèt pwoblèm gadri

40%

1/4

1 moun k ap okipe timoun sou 4 te reflechi sou kite Delaware poutèt pwoblèm gadri

“N ap reflechi seryezman sou kite eta a... Nou oblije ajiste orè [nou], donk kounye a nou gen yon sèl jou sèlman pou pase ansanm avèk tout fanmi an.”

—Yon Paran nan Konte New Castle

“Travay Pa Paye,” Epi Biznis yo Ap Peye Pri a.

Yon majorite nan anplwayè lokal yo ap souffri konsekans mank gadri a nan Delaware, pandan paran yo oblije reyòganize vi yo pou okipe pitit yo.

1/3

1 anplwayè sou 3 site bès pwodiktivite, èdtan sèvis ki pèdi, ak yon wotasyon anòmal nan pèsònèl la

2/3

2 anplwayè sou 3 wè anplwaye yo ap rate travay, wè orè ki redui, epi rapòte absans omwen chak mwa

1/3

1 paran sou 3 refize yon djòb oswa yon pwomosyon, redui lè travay li, oswa kite travay li pou reponn egzijans gadri pitit li

“Mank gadri gen konsekans sou rekritman pèsònèl, ki esansyèl pou devlope biznis mwen an. Pèsònèl la chè epi fòmasyon pran anpil tan. Si yon moun an reta oswa absan souvan, fonksyònman an souffri, ansanm avèk pèsònèl ki oblije fè travay moun sa a pou li.”
—Yon Anplwayè nan Konte Sussex

Mendèv Delaware la Ap Kouri sou Rezèvwa Vid, Pandan Anplwayè yo Gen Pwoblèm Jwenn ak Kenbe Pèsonèl

Fanmi yo Gen Plis Pwoblèm Pase Sa w Panse a.

Gen anpil fanmi nan Delaware k ap mennen yon konba di pou yo kapab fè depans debaz, epi yo sakrifye kalite lavi yo konsa.

1/2

1 fanmi sou 2
fè dèt pou peye
pou swen timoun yo

1/5

1 sou 5 sote
repa oswa sakrifye
bezwen debaz

2/3

2 anplwayè sou 3 tande
souvan (omwen chak semèn oswa chak mwa)
pèsonèl yo k ap plenyen de pwoblèm gadri yo



Tout revni ki disponib ale nan gadri ak nan peye dèt. Nou pa ka al rete nan yon kay pi gran ni soutni biznis lokal yo.

—Yon Paran nan Konte New Castle



Sa pa gen sans pou yo travay a plentan lè chèk travay yo ale nan gadri, donk yo chwazi demisyone nan pòs yo.

—Yon Anplwayè nan Konte New Castle

Pa Ka Jwenn Benefis, Kole sou Net.

Gen deplizanplis fanmi travayè ki touche twòp pou kalifye pou benefis leta, men ki pa touche ase pou gen mwayen pou peye bòdwo yo. Yon ti ogmantasyon nan travay ta ka vle di pèt benefis.

Fanmi klas mwayèn yo rapòte yo santi yo “pa ka jwenn” sipò leta.



Pratikman pa gen anyen pou soutni estil lavi nou, donk n ap demenaje nan yon delè senk an.

—Yon Paran nan Konte Kent



Li esansyèl pou gen opsyon gadri bon mache, fyab ak fleksib pou fanmi travayè yo. Anplwaye nou yo ap bay pi bon rezilta lè fanmi yo jwenn swen epi ap pwospere.

—Yon Anplwayè nan Konte New Castle

Benefis tankou sibvansyon pou Achte Sèvis Gadri a (Purchase of Care) koupe depi yon fanmi vin touche yon revni apeprè \$64,000, men yon fanmi kat moun bezwen apeprè \$100,000 pou li siviv pandan l ap peye pou gadri.

Kisa Ki Pral Fèt Kounye a? Di Ofisyèl Eta a pou yo Envesti nan Gadri.

62% nan rezidan Delaware yo dakò avèk yon ti ogmantasyon nan taks pou finanse gadri pou tout moun.

62%

?

Kisa Paran yo, Founisè Sèvis yo, ak Manm Kominote a Ka Fè?

Ale sou sit entènèt kowalisyon First State Pre-K a nan www.firststateprek.com epi enskri nan lis abone nou an pou rete okouran nouvo chans ki prezante yo pou defann kòz sa a.

Kisa Anplwayè yo Ka Fè?

Gade estrateji lòt biznis Delaware yo ap itilize pou soutni fanmi travayè yo nan twous zouti nou an pou ede anplwayè yo pase alaksyon: bit.ly/4nAs2A9.

FIRST STATE
Pre-K

Eskane kòd QR la pou wè tout kolaboratè ki patisipe nan sondaj yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade dosye konplè nou an sou rezilta yo nan www.firststateprek.com.

